

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Sabada ditalungtikaya sababaraha data atawa hal nu kapanggih dina prosés tatanén, timimiti ngolah tanah nepika bérés panén nu aya di Kacamatan Karangtengah Kabupatén Cianjur.

Istilah-istilah tatanén di Wilayah Kacamatan Karangtengah Kabupatén Cianjur nu kapanggih aya 105 istilah. Tina 105 aya 8 istilah nu mangrupa kecap serepan. Istilah-istilah nu dipaké henteu kabéh sarua. Ogé aya 5 istilah nu ngan sarua istilahna hungkul tapi bédha harti, jadi nu sarua persis mah ngan 100 istilah nu mangrupa istilah khas digunakeun dina tatanén di Wilayah Kacamatan Karangtengah Kabupatén Cianjur.

Dumasar hasil panalungtikan, upama ditilik tina prosés wangun kecapna, kapanggih aya 27 istilahtatanén nu ka asup kecap rundayan, nyaéta *kacentét*, *kahébos*, *lampingan*, *macul*, *mojokan*, *porékat*, *ngabaladah*, *ngabérak*, *ngabukbak*, *ngaburujul*, *ngadurukan*, *ngagebug*, *ngagedag*, *ngalobang*, *ngalung*, *nganglér*, *ngarambét*, *ngaruang*, *maseuk*, *ngawalajaar*, *ngawuluku*, *ngayuman*, *ngipuk*, *ngobat*, *ngoréd*, *nyikalan*, *jeung panyelang*. Dina 52 eta kabagi jadi 3 kecap rundayan numutkeun rarangkén hareup aya 19 istilah, nyaéta *kacentét*, *kahébos*, *macul*, *naplak*, *ngabaladah*, *ngabérak*, *ngabukbak*, *ngaburujul*, *ngadurukan*, *ngagebug*, *ngagedag*, *ngalobang*, *ngaruang*, *ngaseuk*, *ngawalajar*,

ngawuluku, ngipuk, ngobat, jeung ngoréd. Rarangkén tukang aya 4 istilah, nyaéta *lampingan, mojokan, ngadurukan, jeung nyikalan.* Rarangkén gabungan N- -an aya 2 istilah, nyaéta *ngadurukan jeung nyikalan.* Ogé katitén aya 2 istilah nu kaasup kecap rajékan nyaéta *bebeluk jeung lalandak.* Jeung 9 nu kaasup kecap kantétan, nyaéta *arit leutik, beuneur héjo, beuneur konéng, hama beureum, ibun bajra, mopok galeng atawa tumpang galeng, panén taunan, rampak jarami, jeung tumpang sari.*

Istilah-istilah tatanén di Wilayah Kacamatan Karangtengah Kabupetén Cianjur bisa dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran kabdaga kecap (kosa kata) di SMP numutkeun SKKD jeung KTSP 2006, sabab ieu bahan bisa dipatalikeun jeung tujuan pangajaran di unggal tingkatan kelas, téma katut anak témania ogé bisa disaluyukeun jeung konsép kabahasaan nu ngabahas istilah populér di masarakat nyaéta istilah tatanén.

Tina pedaran diluhur bisa dicindekeun prosés atawa prak-prakan tatanén timimiti nepi ka bérésna, istilah-istilah nu kapanggih di Wilayah Kecamatan Karangtengah Kabupaten Cianjur, papasingan istilah dumasar wangun kecap, jeung bahan pangajaran istilah tatanén dina pangajaran Basa Sunda di sakola

5.2 Saran

Minangka bagian ahir tina ieu pedaran, panalungtik méré saran saperti dihandap.

- 1) Pikeun panalungtik widang istilah, Ieu panalungtikan ngan ngungkab istilah tatanén sacara gurat badagna wungkul, sarta wengkuhan tempat/objék panalungtikan nu kacida heureutna. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjénna nu bisa nyawang naon rupa hal ngeunaan istilah tatanén ieu tina puseur séjén nu leuwih jero, jéntré, tur gembleng sarta dina wengkuhan objék panalungtikan nu leuwih lega.
- 2) Pikeun guru basa Sunda dipiharep istilah-istilah tatanén nu dipedar ieu pamugi bisa dijadikeun salah sahiji pilihan bahan pangajaran kandaga kecap di SMP hususna di Wilayah Kabupatén Cianjur umumna di daerah-daerah séjén. Ku kituna panalungtik miharep ogé kaparigelan jeung kamotékaran guru dina enggonging ngaluyukeun bahan jeung tujuan pangajaran nu dipiharep sarta konsép dina SKKD jeung KTSP 2006 Muatan Lokal Bahasa Sunda.
- 3) Pikeun masarakat hususna masarakat Kacamatan Karangtengah Kabupatén Cianjur umumna daerah séjén, pamugi ieu pedaran bisa jadi dasar ogé élmu pangaweruh dina pakasaban tatanén.